

Adiluhung

Nggegulang Semangat Bela Nagari

MINANGKA nagari ingkang nate jinajah dening bangsa manca, mboten mokal menawi ing nagari kita kathah pejuang lan ugi nggadahi maewu-ewu pahlawan. Kirang langkung tigang wulan sabakdipun mardika, Walanda taksih kepingin malih ngregem lan ngejeki nagari kita, kanthi ngrebat kitha Surabaya.

Wekdal semanten Bung Tomo saged ngobaraken semangatipun para mudha, lan kasil ngrebat Surabaya. Senajan kasil merjaya jendralipun, temtu kemawon ugi kathah bebantenipun. Kedadosan ing tanggal 10 Nopember 1945 menika dumugi sepriki lajeng kita pengeti minangka Dinten Pahlawan.

Jumbuh kaliyan pengetan Dinten Pahlawan menika prayogi sanget menawi kita sami nggegulang semangatipun para pahlawan ingkang lega-lila kurban jiwa lan raga abela pati labuh nagari. Kangge nuwuhaken semangat kapahlawanan menika, badhe kula andharaken serat anggitanipun KGPAA Mangkunegara IV kanthi irah-irahan Serat Tripama. Sawetahipun, wiwit pada kapisan dumugi pada kapitu, unini-pun mekaten:

1. Yogyanira kang para prajurit, lamun bisa sira anuladha, duk ing nguni caritane, andelira Sang Prabu Sasrabahu ing Maespati, aran patih Suwanda, lalabuhanipun, kang ginelung triprakara, guna kaya purun ingkang den antepi, nuhoni trah utama.

2. Lire lalabuhan tri prakawis, guna bisa sanes kareng karya, binudi dadya unggule, kaya sayektinipun, duk bantu prang Manggada nagri, amboyong putri dthomas, katur ratunipun, purune sampun tetela, aprang tandhing lan ditya Ngalengka nagri, Suwanda mati ngrana.

3. Wonten malih tuladan prayogi, satriya guna nagri ing Ngalengka, Sang Kumbakarna arane, tur iku warna diyu, suprandene nggayuh utami, duk wiwit

Dening Yohanes Siyamta

prang Ngalengka, dennya darbe atur, mring raka amrih raharja, Dasamuka tan kengguh ing atur yekti, perang mengsah wanara.

4. Kumbakarna kinon mangsah jurit, mring kang raka sira tan lenggana, nglungguhi kasatriyane, ing tekad datan sujud, amung cipta labuh nagari, lan noleh yayah rena, nyang leluhuripun, wus mukti haning Ngalengka, mangke arsa rinusak ing bala kapti, punagi mati ngrana.

5. Wonten malih kinarya palupi, Suryaputra narpati Ngawangga, lan Pandhawa tur kadange, len yayah tunggil ibu, suwita mring Sri Kurupati, labuh nagri Ngastina, kinarya gul-agul, manggala golongan ing prang, Bratayuda ingadeken senopati, ngalaga ing Kurawa.

6. Mungsuhaken kadange pribadi, aprang tandhing lan Sang Dananjaya, Sri Karna suka manaha, dene nggenira antuk, marga denya arsa males sih, ira Sang Duryudana, marmanta kalangkung, denya netok kasudiran, aprang rame Karna mati jinemparing, sembaga wiratama.

7. Katri mangka sudarsaneng Jawi, pantes agung kang para prawira, amirata sakadhare, ing lalabuhanipun, hawya kongsi buang palupi, manawa tibeng nista, ina estinipun, senadyan tekading budya, tan prabeda budi panduming dumadi, marsudi kautaman.

Serat ingkang kaanggit migunakaken cakrik tembang macapat pupuh Dhandhanggula menika kalebet serat anggitanipun KGPAA Mangkunegara IV ingkang kagolong cekak. Blegripun namung setunggal pupuh utawi setunggal bab. Gunggungipun pitung pada. Beda sanget kaliyan anggitan sane-sipun, kadosta Serat Wedatama.

Inggih karena cekak menika, Serat Tripama kula sebat minangka serat ingkang ringkes lan mentes. Ringkesipun cetha sanget bilih mboten nggladrah lan kathah ingkang dipunrembag. Dene mentesipun, Serat Tripama kebak ing tepa palupi tuwin pitutur.

Serat menika kaanggit rikala bangsa kita taksih jinajah Walandi. KGPAA Mangkunegara IV, minangka Adipati lan manggalaning prajurit sengaja nganggit serat menika kangge nggesangaken utawi mbombong tuwin ngobaraken semangat tresna nusa lan bangsa sarta lajeng wani abela nagari.

Tripama, minangka jejer lan irah-irahan ing serat-an menika nyata ceples lan trep sanget. Tri menika wilangan tiga lan pama saking tembung upama utawi pepindhan. Lajeng saged dipuntegesi tigang pepindhan (cariyos) patrap utama tumrapping para prajurit. Ing riki para prajurit kinen anuladha tigang paraga agul-aguling negari jroning cariyos pewayangan. Inggih menika Patih Suwanda, Kumbakarna lan Adipati Karna.

Tetiganipun tuhu setya ing jejibahan bela bangsa lan labuh nagari. Patih Suwanda minangka tuladha setya dhateng ayahan lan nyendikani dhawuhipun sesembahan. Lelabuhanipun patih Suwanda kasebataken wonten tigang prakawis: guna, kaya lan purun, kados ingkang sinerat ing pada setunggal. Lan lajeng kajlentrehaken ing pada kalih. Ing babagan guna, patih Suwanda nyata ing sadaya pakaryanipun migunani tumrap nagari. Kaya, kabukti rikala mbedhah nagri Magada, kasil mbedhah praja amboyong putri. Dene purun, kacetha wani mbelani nagari rikala perang lumawan Alengka. Inggih wekasipun patih Suwanda gugur ing rananggana. □ - s

Bedog, surya kaping 4 Nopember 2013

Penulis, Pustakawan lan Pandhemen basa, sastra sarta budaya Jawi